



Avi rekritman: **Aktivis Lokal pou aplikasyon Metodoloji SASA!**

Deskripsyon tach:

KONTEKS

Depase Fwontyè Yo se yon fondasyon kap travay pou kore mouvman sosyal ann Ayiti. Fondasyon sa vize kore senk (5) mouvman prensipal nan peyi a : Mouvman pou libere timoun ki nan eksplwatasyon ak esklavaj ; Mouvman pou fini ak vyolans sou fanm ak tifi ; Mouvman pou tout timoun jwenn aksè ak yon edikasyon kalite ; Mouvman pou pèmèt moun soti nan povrete ekstrèm ; Mouvman pou chanje vizyon misyonè etranje sou peyi Dayiti. Pou operasjonalize vizyon sa yo, Depase Fwontyè yo mete kanpe twa (3) pwogram ki se : Inisyativ Kominote Modèl Riral (IKM Riral) ; Inisyativ Kominote Modèl Lavil (IKM Lavil) ; Repanse Pouvwa.

Nan travay pou konbat vyolans sou fanm ak ti fi , Inisyativ Kominote Modèl nan Lagonav ap aplike metodoloji SASA! nan plizyè kominote . Genyen yon pati aktivite SASA! ki ap fèt nan kominote Nan Kafe ak Matè .nwa Fondasyon Depase fwontyè yo ap chache yon Aktivis Lokal fanm pou travay pou travay kòm anplwaye nan komite sa yo

Pwofil Pozisyon an:

Fondasyon an ap chèche yon Aktivis Lokal dinamik, yon fanm, pou konplete ekip pou travay nan pwogram pou anpeche Vyolans sou Fanm ak tifi nan La Gonav. Ofisye Aktivis Lokal la pral aplike sa ki nan *SASA! Yon Gid Aktivis pou Prevansyon Vyolans sou Fanm avèk VIH*, mobilize kominote yo nan zòn La Gonav pou fè aksyon pou anpeche vyolans konjigal, vyolans seksyèl, eksplwatasyon seksyèl avèk lòt fòm vyolans sou fanm ak tifi. Manm estaf Aktivis Lokal la ap travay sou otorite Kòdinatè/tris Pwogram Inisyativ Kominote Modèl la.

Reskonsablite Espesifik:

1. Planifye epi reyalize tout aktivite yon Aktivis Lokal dwe mennen.
2. Fòm, kòre epi sipèvize aktivite kominote yo.
3. Devlope bon relasyon avèk aktivite kominote yo, lidè relijye, lidè kominote, pèsònèl lasante, ak tout lòt gwoup anndan rezo kominote pwogram nan.
4. Òganize seminè epi kòre lidè opinyon nan kominote yo.
5. Ede nan estrateji medya ak pledwaye
6. Travay avèk rezo nan kominote a epi bay sipò pou fasilite kreyasyon yon anviwonman ki pou kòre fanm k ap sibi vyolans konjigal nan kominote a.
7. Òganize epi jere aktivite piblik tankou espò, vèy, chita pale, teyat ak fèt onivo kominote a.
8. Bay bourad nan kreyasyon, adaptasyon ak tradiksyon materyèl pwogram nan, sèlò bezwen.
9. Fè swivi tout aktivite Aktivis Lokal nan kominote a. Sa genyen ladan fè vizit sou teren ak kenbe yon prezans sou teren, nan tout kote fondasyon an ap travay.
10. Aplike epi kòdone aktivite yo selon plan kòdinasyon Aktivis Lokal la.
11. Travay omwen 40 è tan pa semèn, epi rete fleksib si yon aktivite tonbe nan yon lè wikenn oswa nan swa tanzantan.
12. Respèkte tout prensip administratif, finansyè ak jesyon Fondasyon an genyen.

13. Prepare rapò ki byen detaye regilyèman sèlòn kondisyon fondasyon ak bayè de fon yo mande.
14. Travay kòm manb ekip avèk tout estaf nan fondasyon an.
15. Reprézante fondasyon an nan divès milye.
16. Rete ouvè pou Nenpòt lòt responsablite ke Kòdinatè/tris Pwogram oubyen Dirèktè fondasyon an ka mande.

PWOFIL KANDIDA

Eksperyans ak Istorik

- Eksperyans travay nan domèn vyolans sou fanm ak tifi.
- Omwens 3 zan ekspeyans kòm manb aktif nan rezo SASA ! nan Lagonav
- Yo konnen ou, yo respèkte ou epi ou gen kontak ni pwofesyonèl ni kominotè nan tout zòn La Gonav.
- Montre yon angajman serye avèk pasyon pou dwa fanm ak travay kont vyolans.
- Eksperyans nan travay pledwaye e/ou travay nan milye medya.
- Diplome nan yon domèn apwopriye.
- Kapasite pou pran inisyatif epi motive tèt ou.
- Konesans sou pwoblèm fanm ak gason.
- Byen fò nan Kreyòl, bon konesans an Franse.

Konpetans ak Kalite Kle

- Fleksib avèk kapasite pou prezante enfòmasyon nan divès fason selon bezwen patisipan yo.
- Bon konpetans sou òdinatè.
- Ouvè pou vizite ak konekte ak tout kalte moun, ak tout kalte fwa ak relijyon, epi ki reprézante tout kouch sosyal, san diskriminasyon.
- Kreyatif avèk kapasite pou pran inisyativ.
- Alèz devan gwoup moun.
- Bon kapasite kominikasyon, ni pale ni ekri.
- Bon kapasite analiz.
- Kapasite pou jere plizyè aktivite ansanm, motive pou wè rezilta.
- Kapasite pou aprann vit nan eksperyans.
- Pale klè, kredib, konvenkan.
- Alèz nan travay kominote a epi avèk divès kalite moun.
- Konn byen boule ak moun.
- Alèz nan kominote riral yo.
- Kapasite adaptasyon nan anviwonman difisil.
- Kapasite pou kondui moto oubyen dispose pou aprann kondui moto.

EGZIJANS pou DEPOZE APLIKASYON

- Yon CV
- Yon lèt ki eksplike motivasyon ou pou pòs la
- 2 referans pwofesyonèl (Non yo, nimewo telefòn yo ak adrès imèl yo
- Yon pyès idantite
- Prèv travay pase

NB : Nou kapab depoze dosye yo nan adres sa : Nan Jozen Ansagalè pou pita Vandredi kap 11 Septanm 2020 avan 4è nan aprè midi, oubyen voye li nan adres

imel sa : rekritman@beyondborders.net.

Lè ou ap depoze kandidati ou, sonje mete sou anvlop la "Aktivis Lokal" si se pa imel mete li nan tit la.